



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AP ANKOURAJE PWODIKTÈ BWASON ATIZANAL YO POUR  
TIRE AVANTAJ DE LISANS FABRIKASYON ATIZANAL KONBINE AN**

*Yon Ane Depi Apre Ke Yo Te Bay Premye Lisans Fabrikasyon Atizanal Konbine  
an, 33 Pwodiktè Te Resevwa Yon Lisans Konbine*

*Lisans Lan Ap Konbine Lisans Fabrikasyon Atizanal yo pou vin tounen Yon Sèl  
Aplikasyon pou Redwi Montan Frè yo, Redwi Fado Administratif yo pou  
Ti Biznis yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te ankouraje pwodiktè bwason fabrike New York yo jodi a pou yo pran avantaj de lisans fabrikasyon atizanal konbine an. Lisans atizanal konbine an te kreye nan dat 7 Septanm 2016, kòm yon pati nan pwojè lwa Gouvènè Cuomo a pou modènize Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize nan New York lan (New York's Alcoholic Beverage Control Law), ki te gen ladan orè lavant nan Dimanch ki pwolonje nan bar, restoran ak sal goute yo, lè yo chanje orè ouvèti yo atravè eta soti midi pou rive 10 am. Lisans konbine an ap fizyone lisans fabrikasyon atizanal yo pou vin tounen yon sèl aplikasyon, sa ki ap redwi montan frè yo epi redwi fado administratif pou ti biznis yo. Jiskadat, 33 pwodiktè bwason atizanal te tire avantaj de lisans sa epi kounye a yo gen lisans pou kapab pwodwi divès modèl bwason atizanal nan yon sèl lokal.

“Ak kwasans enòm nan endistri bwason atizanal Eta New York lan, lisans sa koupe riban wouj yo epi li pèmèt biznis sa yo kontinye elaji epi divèsifye pwodwi yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York pral kontinye travay pou kreye yon anviwònman kote biznis sa yo gen kapasite pou yo devlope epi kreye travay nan chak kwen nan gwo eta sa.”

Nan Somè sou Diven, Byè ak Likè 2012 lan (2012 Wine, Beer and Spirits Summit), Gouvènè Cuomo te mete fen nan politik Otorite Likè nan Eta a (State Liquor Authority) ki te entèdi pou yon antite posede divès lisans fabrikasyon nan menm lokal lan. Gouvènè an te rekonèt fado adisyonèl ke politik sa mete, pa egzanp, sou do yon ti vinòb ki te vle fè wiski you - ki enkli konstwiksyon yon etablisman ki separe. Sepandan, biznis ki posede divès lisans yo toujou gen obligasyon pou ranpli papye administratif ak renouvèlman yo pou chak lisans ki separe.

Lisans fabrikasyon atizanal konbine an ap konbine de lisans fabrikasyon oswa pi plis pou vin tounen yon sèl aplikasyon, epi li egziye yon sèl 400 dola pou montan frè depo yo

pou redwi papye administratif ak depans yo. Lisans konbine an ap fè aplikan yo tou ekonomize 10 paj papye administratif pou chak lisans adisyonèl. Lisans konbine an ka konbine de lisans oswa pi plis ankò pami lisans sa yo: brasri fèm, mikwo-brasri, sidri fèm, vinòb fèm, mikwo distiyri, mikro-redresè ak distiyri fèm yo.

Yo te bay premye lisans pwodiktè atizanal konbine an nan mwa Desanm 2016, ak yon total 33 pwodiktè ki te resevwa lisans konbine an depi lè yo te adopte li. Pandan ke Otorite Likè nan Eta a ap bay anviwon de nan lisans sa yo chak mwa, toujou genyen 104 pwodiktè bwason atizanal aktyèl ki posede divès lisans, e ki poko tire avantaj de nouvel lisans sa.

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè nan Eta, te deklare,** “Nou ap wè deplizanpli pwodiktè bwason atizanal ki ap pwodwi tout modèl bwason alkolize diferan ki ta dwe tire avantaj de lisans atizanal konbine an. Non sèlman lisans lan ap fè pwodiktè yo ekonomize lajan, men tou li ap fè yo ekonomize tan ke yo ka konsakre nan fabrik yo”.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo an, New York vin kounye a gen prèske 700 fèm pwodiksyon diven, brasri, distiyri ak sidri. Kantite antrepriz fèm diven nan New York yo te ogmante plis pase 75 pousan soti nan 195 an 2011 pou vin 348 jodi a. Kantite distiyri fèm yo te ogmante tou soti jis 10 an 2011 pou rive a 123 jodi a. Yo te kreye de (2) nouvo lisans depi 2012, ki enkli lisans Brasri Fèm yo an 2013 ak lisans Sidri Fèm yo an 2014, sa ki te kondwi a etablisman 202 biznis brasri fèm ak 42 biznis sidri fèm yo.

Gen plis enfòmasyon sou Lisans Fabrikasyon Bwason Alkolize yo (Alcoholic Beverage Manufacturing Licenses) ki disponib [la a](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)